

LATIHAN PAS

NAMA :

KELAS :

No	Jenis	Soal	Jawaban
1	SOAL	Kanggo mangsuli soal no. 1-5! <i>Ngelmu iku kalakone kanthi laku</i> <i>Lekase lawan kas</i> <i>Tegese kas nyantosani</i> <i>Setya budya pangekese dur angkara</i> Tembang ing dhuwur diarani tembang pocung ing serat wedhatama. Serat wedhatama karipta dening	
	JAWABAN	KGPAA. Mangkunegara IV	
	JAWABAN	Sri Susuhunan pakubuwana IV	
	JAWABAN	Sri Sultan Hamengkubuwana IV	
	JAWABAN	KGPAA Mangkunegara I	
	JAWABAN	KGPAA Mangkunegara II	
2	SOAL	Guru gatra tembang ing dhuwur cacahé ana	
	JAWABAN	3	
	JAWABAN	4	
	JAWABAN	5	
	JAWABAN	6	
	JAWABAN	7	
3	SOAL	Pitutur luhur sing jumbuh karo tembang ing dhuwur yaiku	
	JAWABAN	Ilmu bisa kagayuh tanpa niat lan usaha.	
	JAWABAN	Manungsa kudu duweni sifat becik marang sapa wae.	
	JAWABAN	Ilmu bisa kagayuh yen ditindakake, diwiwiti kanthi niat kang becik. Niat lan usahakang besik bisa ngalahake tumindak ala	
	JAWABAN	Tumindak ala yen diumbar bakal dadeake cilaka	
	JAWABAN	Aja duweni sifat kang adigang, adingung, adiguna	
4	SOAL	Lekase lawan kas Tembung lekase tegese	
	JAWABAN	Tumindak	
	JAWABAN	Ala	
	JAWABAN	Pungkasan	
	JAWABAN	Wiwitan	
	JAWABAN	Niat	
5	SOAL	<i>Setya budya pangekese dur angkara</i> larik kasebut duweni guru wilangan	
	JAWABAN	8	
	JAWABAN	9	
	JAWABAN	10	
	JAWABAN	11	
	JAWABAN	12	
6	SOAL	Cacahing larik saben sagatra diarani	
	JAWABAN	Guru wilangan	
	JAWABAN	Guru lagu	

	JAWABAN	Guru basa	
	JAWABAN	Guru sastra	
	JAWABAN	Guru gatra	
7	SOAL	Tembang macapat iku cacahé ana 11, sing kalebu ing serat wedhatama ana 5 yaiku	
	JAWABAN	Sinom, gambuh, pocung, pangkur lan kinanthi	
	JAWABAN	Sinom, girisa, pocung, pangkur lan dolanan	
	JAWABAN	Dolanan, asmaradhana, pangkur lan girisa	
	JAWABAN	Sinom, gambuh, girisa, wirangrong lan pocung	
	JAWABAN	Sinom, pangkur, kinanthi, gambuh lan dolanan	
8	SOAL	Tembang pocung saka tembung “pocong” tegese wis dibungkus. Nggambarake manungsa kang wis mati, diadusi, dishalati lan siap dikubur. Tembang macapat duweni titikan	
	JAWABAN	12u, 6a, 8i, 12e	
	JAWABAN	12u, 6a, 8i, 12a	
	JAWABAN	12u, 6i, 8i, 12a	
	JAWABAN	12u, 6a, 8i, 12i	
	JAWABAN	12u, 6a, 8i, 12u	
9	SOAL	Novel yaiku salah sawijinine karya fiksi prosa kang ditulis lan duweni sifat naratif. Ing sajrone novel mengku unsur pandapuk yaiku intrinsic lan ekstrinsik. Unsur intrinsic kang njlentrehake runtuting crita wiwit awal nganthi pungkasan diarani	
	JAWABAN	Tema	
	JAWABAN	Sudut pandang	
	JAWABAN	Alur	
	JAWABAN	Setting	
	JAWABAN	Amanat	
10	SOAL	Paraga sing duweni watak becik diarani	
	JAWABAN	Antagonis	
	JAWABAN	Tritagonis	
	JAWABAN	Peran pembantu	
	JAWABAN	Protagonist	
	JAWABAN	Peran netral	
11	SOAL	Setitekna pethilan novel ing ngisor iki! “wis.... Wis....aku jupukna slimut sing kandel wae ning, awaku teka krasa adem temen. “ sri endah wahyuningsih ora mangsuli langsung menyat mbukak lemari njupuk slimut, trus dikemulake bapake. Sikile kang adhem dipejети alon-alon kanthi sedhih atine. Pethilan novel ing dhuwur nggambarake	
	JAWABAN	Tema	
	JAWABAN	Latar panggonan	
	JAWABAN	Latar wektu	
	JAWABAN	Latar kahanan/swasana	
	JAWABAN	Amanat	
	SOAL	Pawakane lencir weweg, pakulitane kuning ngemu giring. Katambahan itrung ngrungih, mripat lindri-lindri kaya bintang film. Pethilan novel ing nduwur gambarake	

12	JAWABAN	Tema	
	JAWABAN	Latar panggonan	
	JAWABAN	Alur	
	JAWABAN	Setting	
	JAWABAN	Penokohan / watak	
13	SOAL	Kanthi kebak pangati-ati Setyawan banjur jumangkah ngleboni pekaranganetilas pabrik the kuwi. Platarane lumayan jembar, kira-kira amot kanggo parkir prahoto loro. Pethilan wacan ing dhuwur nggunakake alur	
	JAWABAN	Maju	
	JAWABAN	Mundur	
	JAWABAN	Campuran	
	JAWABAN	Maju-mundur	
	JAWABAN	Tengah	
14	SOAL	Guru basa Jawa SMK Ganesa asmane	
	JAWABAN	<u>ꦒꦸꦫꦸꦧꦱꦗꦼ</u>	
	JAWABAN	<u>ꦒꦸꦫꦸꦩꦤꦶ</u>	
	JAWABAN	<u>ꦒꦸꦫꦸꦭꦤꦶ</u>	
	JAWABAN	<u>ꦒꦸꦫꦸꦩꦶ</u>	
	JAWABAN	<u>ꦒꦸꦫꦸꦩꦤꦶ</u>	
15	SOAL	Ing ngisor iki kang kelebu novel basa Jawa yaiku	
	JAWABAN	Habibi lan ainun	
	JAWABAN	KKN desa Penari	
	JAWABAN	Cantik iku luka	
	JAWABAN	Layngan putus	
	JAWABAN	Ngulandara	

Kariadi lan Sebungkus Segi Lele

Cariyos ngengingi Pertempuran Lima Hari ing Semarang

Esuk penther bener, nalika srengenge isih isin methungul, supir mobil rental sing mau bengi takhubungi wis siyaga ana ngarepan omah. Aku uga njaluk tulung marang supire supaya bareng-bareng ngangkat awake Bapak. Anggone ngangkat alon-alon banget, awit suwara aduh lan aduh nggawe aku ora bisa ngangkat kanthi cepet, kudu alon-alon, ngati-ati, aja gawe nambah larane.

Semono uga nalika mobil wis mlaku, ora bisa banter lan kudu alon-alon. Aja nganti kegronjal dalan kang akeh bolongane. Ing kono aku mung ngalamun, ngungkap jendhela mobil, nyawang wit-witan kang wis lambat-lambat katon, kang padha mlaku mundur ngedoh. Gunung Sindoro kang ngadeg gagah uga saya ngedoh. Aku noleh ibuku kang isih mijeti Bapak. Banjur noleh maneh ing jendhela, saya suwe pancen saya cetha sawangane. Srengenge saya methungul. Mobil lan motor saya akeh ngebaki dalan. Wong-wong padha menyang pasar, sawah, sekolah. Kabeh kaya-kaya mburu wektu, kesusu, kudu cepet-cepet enggal tekan.

Kaya wong-wong iku wis weruh Bathara Kala—minangka dewane wektu kang bakal mangan sapa ae, tanpa tedheng aling-aling, tanpa mandeng pangkat lan drajat. Wektu pancen mengkono, bakal nyeret lan bakal mangan sekabehe manungsa. Wong padha cekat-ceket, lan ing dalan akeh kang ngebut, akeh kang salip-salipan, kaya-kaya wedi yen wektune ra keduman.

Kapethik saka Asem Arang Novelet Jawa Sejarah Semarang(1:2020)

SOAL Ing ngisor iki kang jumbuh karo wos paragraph 1 yaiku

JAWABAN Wong padha cekat-ceket kaya-kaya wedi yen ora keduman wektu

JAWABAN Mlakune mobil kudu alon-alon aja nganti kegronjal.

JAWABAN Sopir mobil rental sing tak hubungi wis siyaga ana ngarepan omah

JAWABAN Gunung sindoro saya ngedoh. Srengenge saya methungul

JAWABAN Bathara kala minangka wektu kang bakal mangan sapa wae

Aku nyawang gedhung kang aran Paviliun Garuda. Jarene, iku sing manggoni ya wong-wong sugih. Wong-wong kang kebak dhuwit. Nanging ya mengkono, lara jebul duwene sapa ae, tanpa ngenal mlarat lan sugih.

Aku njupuk tas kang ana ngarepku. Surat-surat sing taksiapke taktata maneh, wiwit surat rujukan, kertu BPJS, KTP, lan sapiturute. Ing ngarep Poli Onkologi mobil mandheg. Wis ana petugas kang nggawa kursi rodha.

SOAL Petikan novel ing dhuwur kalebu unsur intrinsik

JAWABAN Latar papan

JAWABAN Latar wektuu

JAWABAN Latar kahanan

JAWABAN Irah-irahan

JAWABAN Alur

SOAL

Assalamualaikum wr.wb.

Bapak Kepala sekolah ingkang dahat kinabekten, bapak ibu guru ingkang kinormatan, para kadang saha adhik-adhik ingkang bagya mulya.

Puja lan puji sokur konjuk dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Agung, ingkang sampun ngluberaken rahmat tuwin hidayah satemah kula panjenengan sedaya saged kempal wonten aula SMK menika kanthi adicara pepisahan tanpa alangan satunggal menapa.

Perangan sesorah ing dhuwur diarani ,,,,

JAWABAN

Purwaka Basa

JAWABAN

Salam Pambuka

JAWABAN

Wasana Basa

JAWABAN

Surasa Basa

JAWABAN

Salam panutup

Bapak ibu guru ingkang kula kurmati, boten kesupen kula minangka wakilipun putra-putri kelas tiga ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan, awit keikhlasan saha sih katresnan bapak ibu guru anggenipun nggulawentah dhumateng para siswa, satemah saged ngrampungaken kuwajiban sadangunipun tigang taun kanthi tinengeran tampi ijasah.

Bapak ibu guru tuwin adhik-adhik sedaya, sekedhap malih kula sakanca badhe nilar pawiyatan ingkang kula tresnani menika. Awrat anggen kula matur, jalaran badhe nilar guru saha adhik-adhik sedaya. Jalaran kawontenan kedah mekaten, pramila kanthi awrating manah kula sakanca nilaraken bapak ibu guru tuwin adhik-adhik. Sanadyan sampun pepisahan, ateges tebih ing netra, mawantu-wantu kula tansah nyuwun supados tansah caket ing penggalih.

Wonten pepanggihan tamtu kemawon wonten pepisahan, punika kados sampun kinodrat, boten kenging dipunselaki malih. Ingkang punika sanadyan mataun-taun kempal kaliyan bapak ibu saha adhik-adhik, ing dinten menika kula sakanca kapeksa nyuwun pamit badhe nglajengaken ngangsu kawruh wonten ing pawiyatan luhur. Kula sakanca nyuwun tambahing pangestu. Kosok wangsulipun kula tuwin kanca-kanca tansah memuji dhumateng ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Kuwaos, supados bapak Ibu saha adhik-adhik pikantuk rahmating Pangeran, wilujeng boten wonten alangan satunggal menapa.

19

SOAL

Perangan sesorah ing dhuwur minangka wos ing sesorah

JAWABAN

Kamardikan

JAWABAN

Pamitan Sekolah

JAWABAN

Maulid Nabi

JAWABAN

Osis

JAWABAN

Sumpah Pemuda

20

Kula kinten boten prayogi menawi atur pamitan menika kula panjang wiyaraken. Kula tansah nyuwun tambahing pangestu supados wilujeng ing sedayanipun. Menawi wonten kirang trepipun tuwin kirang tata krama anggen kula matur, kula nyuwun agunging samodra pangaksami. Ing wasana kula kantheni sesanti "ali-ali ilang matane, aja lali karo kancane". Nuwun.

SOAL

Perangan sesorah ing dhuwur diarani

JAWABAN

Purwaka Basa

JAWABAN

Surasa Basa

JAWABAN

Salam Pambuka

JAWABAN

Wasana Basa

JAWABAN

Salam Panutup

21

SOAL

Kutbah Jum'at iku kalebu sesorah sing ora butuhake wangsulan, mula siarani sesorah

	JAWABAN	Tanggap Wacana	
	JAWABAN	Sabdatama	
	JAWABAN	Pambagyaharjo	
	JAWABAN	Pambiwara	
	JAWABAN	Pranatacara	
22	SOAL	Nalika sapa aruh para rawuh ing sesorah sing disapa luwih disik yaiku	
	JAWABAN	Luwih Tua	
	JAWABAN	Paling enom	
	JAWABAN	Paling dhuwur jabatane/ kalungguhane	
	JAWABAN	Paling sugih	
	JAWABAN	Paling cilik	
23	SOAL	Sesorah kang gawe teks luwih disik banjur diapalake iku diarani metodhe	
	JAWABAN	Naskah	
	JAWABAN	Impromptu	
	JAWABAN	Apalan	
	JAWABAN	Dadakan	
	JAWABAN	Spontan	
24	SOAL	Perangane teks eksposisi yaiku	
	JAWABAN	Orientasi, argumentasi, penegasan ulang	
	JAWABAN	Tesis, Argumentasi, kesan	
	JAWABAN	Tesis, Penegasan ulang, Kesan	
	JAWABAN	Tesis, Argumentasi, Penegasan ulang	
	JAWABAN	Tesis, orientasi, penegasan ulang	
25	A.		
	B.		
	C.		
	D.		
	E.		
	SOAL	Tembung kang nggunakake aksara rekan yaiku	
	JAWABAN	A	
	JAWABAN	B	
	JAWABAN	C	
	JAWABAN	D	
	JAWABAN	E	
26	SOAL	Upacara adat jawa sing ana gegayutane karo sripah/mati yaiku	
	JAWABAN	Nontoni, nelung dina, tingkeban, mitung dina	
		Geblag, nelung dina, mitung dina, matang puluh, nyatus, mendhak pisan, mendhak pondho,	
	JAWABAN	nyewu, kol-kolan, nyadran	
		Mithoni, nelung dina, tingkeban, matang puluh, nyatus, mendhak pisan, mendhak pondho,	
	JAWABAN	nyewu, kol-kolan, nyadran	
		Geblag, nelung dina, mitung dina, matang puluh, nyatus, mendhak pisan, mendhak pondho,	
	JAWABAN	nyewu, kol-kolan, nyadran	

